



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK CHANSELYE MALATRAS ANONSE APWOBASYON FDA POU TÈST PRELÈVMAN SALIV LA

***Apwobasyon FDA otorize tès - yo itilize aktyèlman pou teste tout kanpis SUNY
yo - pou rive nan pi wo nivo nan tout eta a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Chanselye State University of New York Jim Malatras, te anonse jodi a ke tès dyagnostik prelèvmán saliv pou COVID-19 ki te devlope pa Inivèsite Medikal SUNY Rejyo Nò a ak Quadrant Biosciences te jwenn otorizasyon pou itilizasyon pa Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Ameriken an. Pandan tès la te itilize jiska jodi a pou sipòte tès jeneral etidyan SUNY yo atravè kanpis yo, otorizasyon itilizasyon ijans lan ap ede lòt laboratwa kòmanse itilize tès sa, k ap ede repere epi metrize viris la epi pwoteje Nouyokè yo.

"Depi kòmansman kriz COVID-19 la, li te klè ke tès se youn nan zouti ki pi enpòtan nou genyen pou ralanti pwopagasyon an. Plis ou fè tès, se plis ou genyen yon imaj ki egzak sou kantite ka nou genyen nan eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare**. Sa se yon egzanz pafè sou fason apwòch patenarya enstitisyon eta New York ak sektè prive a pote fui epi ede nou konbat pandemi an. Mwen vle remèsye ekip talantye SUNY an ki te pwodui solisyon senp, rapid epi efikas sa pou fè plis tès, pi rapid. Nou kontan pou wè FDA apwouve l e nou enpasyon pou itilizasyon li nan tout New York e pi lwen toujou."

Chanselye Inivèsite Eta New York la, Jim Malatras, te deklare, "Apwobasyon FDA pou tès COVID-19 ki chanje jwèt sa, demontre kreyativite State University of New York pou rezoud pwoblèm presan sa. Ak apwobasyon sa, inovasyon Sant Medikal Rejyon Nò a ak Quadrant Biosciences devlope a pral eksplwate nan yon echèl nasyonal. Pwotokòl tès rapid, ki pa anvayisan sa—ki te deja ogmante kapasite pou fè tès SUNY a 120,000 tès pa semèn—ap ede kominote atravè peyi a kounye a pou repere epi metrize COVID-19 la. Se plis prè ke Eta New York kontinye ouvri wout la nan lit kont viris visye sa. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò inebnanlab li lè l favorize patenarya piblik-prive ak envestisman kontini li nan inovasyon sou kanpis SUNY nou yo—ki ede rann sa posib."

Prezidan pa enterim Inivèsite Medikal SUNY Rejyon Nò a, Dr. Mantosh Dewan te deklare, "Sa se vrèman yon faktè ki chanje jwèt la. Nou te wè avantaj fè tès isit la nan eta New York paske nou te itilize li pou teste anpil kantite moun rapidman epi san danje, pou kenbe kominote nou yo, e nan kad travay fè tès aktyèl n ap fè a, distri lekòl lokal ak kanpis inivèsite yo, an sekirite".

Richard Uhlig, fondatè ak PDG Quadrant Biosciences, te deklare"Nou kontan ke FDA a te bay apwobasyon EUA pou Tès COVID-19 la pou itilize nan dyagnostik COVID-19 la. Kowonaviris la te gen yon efè devastatè sou sante ak byennèt toupatou nan mond lan, donk li gratifyan anpil pou nou pran ekspètiz nou genyen nan travay nan tès dyagnostik RNA a pou lòt pwoblèm sante, tankou twoub otis ak maladi Parkinson, epi aplike ekspètiz sa nan devlopman tès ki enpòtan anpil sa".

Tès saliv FDA otorize pou moun yo konpleman tès gwoupe inovan Sant Medikal Rejyon Nò a ak Quadrant, ki pèmèt yo depiste apeprè 10 a 25 moun nan yon sèl tès COVID-19. Apwobasyon tès la pa FDA vle di yo ka fè l rive nan tout Eta New York epi tou itilize l nan tout peyi a.

Tès ki apwouve a ka fèt lè yo itilize prelevman saliv olye yo mete aplikatè yo nan nen yon moun. Moun yo pran tès la pou kont yo, yo pase aplikatè a nan bouch yo, epi yo bay echantiyon saliv la, ke yo trete aktyèlman nan laboratwa Sant Medikal SUNY Rejyon Nò a.

Nan mwa out la, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York te akòde apwobasyon tès pou SUNY Rejyon Nò a te itilize pou objektif kontwòl tès nan kò etidyan SUNY yo. Ak otorizasyon FDA jodi a, nouvo tès inovan sa ap disponib kounye a pou itilizasyon nan tout Eta New York ak Etazini pa laboratwa klinik wot teknoloji k ap sèvi pasyan ak biwo doktè, klinik swen ijans ak lopital yo.

Se SUNY rejyon nò a ak Quadrant ki te devlope tès saliv la nan fason ki reyisi nan yon "tès gwoupe" kote plizyè echantiyon konbine nan yon sèl echantiyon "gwoupe", ke yo teste pou COVID-19 la. Si tout echantiyon gwoupe yo negatif, sa vle di yo sipoze tout 10 a 25 moun ke echantiyon endividyèl yo gwoupe ki enkli nan gwoup la nan moman an pa gen COVID. Anvan apwobasyon DOH ak FDA a, si yon echantiyon gwoupe te teste pozitif, yo te dwe reteste chak moun. Kounye a, gras ak inovasyon SUNY Rejyon Nò ak Quadrant lan, si echantiyon gwoupe a teste pozitif, yo teste echantiyon saliv chak moun rapidman nan fason endividyèl pou repere ka ki pozitif egzak yo e sa ka fèt san yo pa bezwen preleve yon nouvo echantiyon, kidonk sa bay kapasite pou depiste plis pase 15,000 echantiyon rapidman pa jou nan yon sèl laboratwa pou identifiye moun ki enfekte yo. Konbinezon tès kontwole ak suivi tès dyagnostik endividyèl, ki itilize echantiyon saliv ak teknoloji gwoupe a, se yon inovasyon dènye kri ki te pèmèt SUNY Rejyon Nò ak Quadrant fè anpil kantite tès bon mache atravè sistèm SUNY an tout antye.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)